


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan diperlukeun salaku gambaran umum panalungtikan nu baris dilaksanakeun. Desain ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan saperti ieu di handap.



3.1 Bagan Desain Panalungtikan

3.2 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa hiji cara ilmiah pikeun nyangking data kalawan tujuan tur kagunaan anu tangtu. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif, sedengkeun pamarekanana nya éta pamarekan kualitatif.

Numutkeun Whintney (1960), méthode déskriptif nya éta maluruh fakta kalwan interprétasi anu keuna. Tujuan tina ieu méthodé nya éta pikeun nyieun déskripsi, gambaran sacara ngéntép seureuh, faktual tur akukrat ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat tur hubungan antar fénoména anu ditalungtik.

3.3 Wangenan Operasional

Wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, ditétélakeun saperti ieu di handap.

1) Sastra

Sastra nya éta karya seni anu diébréhkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana napak kana usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra) (Iskandarwassid, 1992: 135). Dina ieu panalungtikan istilah sastra ngawengku karangan wangun prosa nya éta novél.

2) Novél

Sumardjo & Saini KM. (1986: 29) nétélakeun yén novel nya éta carita wangun prosa dina ukuran anu lega. Ukuran anu lega bisa dihartikeun carita kalawan plot atawa galur anu kompléks, karakter anu loba, téma anu euyeub, suasana carita anu loba wandana, jeung sétting carita anu loba wandana. Tapi legana carita téh henteu mutlak kawas kitu, bisa waé anu lega téh ngan ukur salasahiji unsur fiksina waé, misalna témana, sedengkeun karakter, sétting, jeung nu séjénna mah ngan hiji.

3) *Patepung di Bandung*

Patepung di Bandung mangrupa salasahiji novél pedalan CV Geger Sunten bulan Désémber taun 1995 tur ngalaman citak ulang nu kadua nya éta

Oktober 2007. Ieu karangan téh minangka salasahiji hasil karancagéan pangarang Sunda, Taufik Faturrohman. Ieu novél téh mangrupa sumber data anu dijadikeun bahan panalungtikan.

4) Psikologi Sastra

Psikologi sastra mangrupa salasahiji jenis pamarekan sastra anu leuwih nyokona nganalisis tokoh tur penokohan dina karya sastra dumasar kana tiori tur hukum-hukum psikologi anu ngébréhkeun paripolah tur karakter manusa (Wiyatmi, 2006: 107).

Dina ieu panalungtikan, psikologi sastra dijadikeun tatapakan panalungtik dina nganalisis tokoh-tokoh nu aya dina novél *Patepung di Bandung* anu suméndér kana tiori psikoanalisis kapribadian Sigmund Freud.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta hiji alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, ngébréhkeun data dina wangun sempalan-sempalan carita nu aya dina novél *Patepung di Bandung* anu nyokona kana indikator-indikator nu baris dianalisisna, nya éta ngeunaan karakter, konsép émosi, jeung psikoanalisis kapribadianana.

IDÉNTIFIKASI		
Bagian	:	1
Kaca	:	48
Paragraf	:	1
Dialog	:	25
Ngaran Tokoh	:	Kondi
KONTÉKS		
<p>“Cacak mun kaayaan urang kawas baréto kénéh mah, manéh téh bakal sina terus sakola. Tapi da ayeuna mah kumaha atuh, kapan sakieu buktina.” Ceuk Bapa, sorana ngahelas.</p> <p>“Keun waé, Pa, ulah jadi pikiran. <i>Perkara, uing teu bisa neruskeun sakola, nya teu nanaon.</i>”</p>		
KARAKTER	KONSÉP ÉMOSI	PSIKOANALISIS KAPRIBADIAN

Ihlas (bisa narimakeun kaayaan)	Sedih (<i>inhibited grief</i> : rasa sedih anu disamunikeun)	<i>Ego</i> bisa ngenyed kahayang <i>id</i> dumasar kana prinsip réalita.
---------------------------------	---	--

Keterangan:

- 1) Identifikasi → hal-hal anu patali jeung idéntitas anu méré gambaran ngeunaan data anu baris dianalisis anu ngawengku: (a) bagian, (b) kaca, (c) paragraf, (d) kalimah/dialog, jeung (e) ngaran tokoh.
 - (a) Bagian: némbongkeun data aya di bagian sabaraha tina sapuluh bagian atawa subjudul dina novél *Patepung di Bandung*.
 - (b) Kaca: némbongkeun data perenahna aya dina kaca nu tangtu urutanana.
 - (c) Paragraf: dina ieu novél tur dina unggal bagian, ciri anu nangtukeun hiji paragraf ditandaan ku tanda bintang tilu (***) sabab dina enas-enasna ayana paragraf pikeun ngabédakeun ide poko anu dibahasna tur éta tanda téh biasana mah digunakeun pikeun menggel bagian anu béda bahasanana.
 - (d) Kalimah/Dialog: némbongkeun urutan kalimah atawa dialog nu mangrupa data nu baris dianalisisna.
 - (e) Ngaran tokoh: némbongkeun tokoh anu kakeunaan atawa nu baris dianalisis.
- 2) Kontéks → mangrupa sempalan carita anu nyoko kana data nu baris dianalisis luyu kana indikatorna.
- 3) Karakter, konsép émosi, jeung psikoanalisis kapribadian → mangrupa indikator anu dijadikeun cecekelan dina nganalisis tokoh-tokoh dina novél *Patepung di Bandung*.

3.5 Sumber data

Upama panalungtikan téh ngagunakeun dokumén disebut sumber data panalungtikan, ari eusi dokumén disebutna téh subjék atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 1987: 102 dina Nurjanah, 2004: 31).

Dumasar kana éta katerangan, anu jadi sumber data ieu panalungtikan nya éta novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman.

3.5.1 Déskripsi Novél



Gambar 3.1 Cover Novél *Patepung di Bandung*

Novél *Patepung di Bandung* mangrupa hasil karancagéan salasahiji pangarang Sunda nya éta Taufik Faturohman. Ieu novél téh munggaran medal bulan Désémber taun 1995 anu diterbitkeun ku CV Geger Sunten. Tuluy ngalaman citakan ulang nepi ka dua kali, nya éta citakan nu kadua bulan Oktober taun 2007 jeung citakan katilu bulan Fébruari taun 2012, nu masih dipedalkeun ku pamedal nu sarua, nya éta CV Geger Sunten nu perenahna di Bandung.

Novél hasil karangan Taufik Faturohman téh kandelna aya 112 kaca. Dina sampulna digambarkeun hiji budak kalawan paneuteup nu ringrang alatan nyidem

kasusah nu ngabeungbeuratan hirupna. Éta budak téh keur nangtung bari rada nyarandé kana lawang, siga nu keur nganti-nganti datangna hiji hal. Di tukangeunana aya hiji jalma keur nyoléndang tas. Dina dedeganana mah awak pangadegna rada gedé batan éta budak anu nandakeun yén umurna gé sigana mah saluhureun manéhna. Tapi éta jalma téh ngan saukur kalangkang. Tina éta hal bisa ditapsirkeun yén bisa waé éta hal téh mangrupa gambaran hiji hal anu dianti-anti ku éta budak téh. Kunaon ngan mangrupa kalangkang, ku sabab sagalana can pasti da ngan ukur pangharepan. Éta hal sacara gurat badag ngagambarkeun eusi novél na anu ngalalakonkeun hiji budak anu bajoang dina nandangan hirupna nu dibarung ku sumanget tur rasa pangharepan.

Novél *Patepung di Bandung* téh dilélér hadiah Samsudi 1996. Éta hal bisa langsung katangén sabab dina sampul hareupna ditembrakkeun dina tulisan “Piunggul Hadiah Samsudi 1996” anu perenahna di juru luhur beulah katuhu anu tulisanana aya dina wengkuan gambar pita tandaning hadiah. Tuluy di deutaseunana, nya éta di luhur juru beulah kénca aya hiji ngaran “Taufik Faturrohman” nu mangrupa pangarang ieu novél. Judulna ogé bisa langsung katitén jelas dina sampulna anu diteundeun di tengah-tengah tur ditulis ku aksara gedé, nya éta “PATEPUNG DI BANDUNG”. Salian ti éta ogé bakal langsung kanyahoan anu medalkeun ieu novél, anu ditulis di handapeun judul, nya éta Geger Sunten.

Upama dibalikkeun, novél anu miboga ukuran panjang 20,7 cm jeung lébar 14,5 cm téh, dina sampul tukangna anu perenahna di handap, aya tulisan “Ieu buku parantos lulus tur sah dianggo di sakola dumasar kana Kaputusan Gubernur Jawa Barat Nomor: 481.3/Kep.964-Disdik/2009 Tanggal 24 Juli 2009”.

3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Taufik Faturrohman dibabarkeun di Pagerageung, Tasikmalaya ping 10 Méi 1959. Anjeunna téh kaasup salasihiji penyair, pangarang carita pondok (carpon), panulis buku pangajaran, ogé miboga pausahaan pamedal di tatar Sunda. Satamatna ti SMA, anjeunna neruskeun nyiar élmu ka IKIP Bandung anu kiwari

robah jadi UPI (Universitas Pendidikan Indonésia) jurusan Bahasa dan Sastra Sunda.

Salaku pangarang, anjeunna munggaran ancrub dina dunya “tulis-menulis” nalika kelas 2 SMA dina raraga pasanggiri ngarang tingkat SLTA sa-Kabupatén Tasikmalaya. Sanajan bari dipaksa, tapi hasilna nyugemakeun sabab jadi pinunjulna. Ti harita, anjeunna aktif nulis hususna pikeun majalah dinding sakolana. Basa keur jadi mahasiswa, anjeunna kungsi nulis sajak, carpon, artikel boh basa Sunda boh basa Indonésia anu dipedalkeun ku sababaraha média citak. Salian ti aktif nulis, anjeunna ogé aktif di organisasi. Sawatara kalungguhan anu pernah dicangking nya éta salaku Ketua Umum Sénat Mahasiswa FPBS IKIP Bandung.

Karancagéan Taufik Faturohman teu saukur dina widang akademik, tapi ogé dina ngokolakeun usaha, nya éta dina usaha rumah makan. Anjeunna nyieun rumah makan anu ngaranna PLO (Penahan Lapar Orang) anu perenahna di deukeut kampus IKIP Bandung. Ieu rumah makan téh geus kasohor boh di kalangan mahasiswa boh padumuk nu aya di deukeut lingkungan kampus. Tina ngaran éta rumah makan bisa némbongkeun karakter nu bogana, nya éta humoris. Sanajan dina awak pangadegna katémbong sérius tapi ningan resep ocon. Éta hal katitén tina ngaran warung makanna téa, ogé ku dipedalkeunna buku anjeunna nu mangrupa buku kumpulan tatarucingan Sunda nu judulna *Beregejed*.

Sabadana nyangking gelar sarjana, anjeunna teu jadi guru, tapi ancrub kana dunya jurnalistik salaku wartawan. Satuluyna jadi redaktur *sk. Sipatahunan* (1978-1981), *Manglé* (1981-1986) jeung *Cakakak* (1987-1989). Nalika jadi redaktur Manglé, anjeunna ngawangun pamedal nu ngaranna Medal Agung. Éta pamedal geus medalkeun sababaraha buku, boh nu kaasup kategori buku pangajaran boh buku karya sastra, kalibet buku hasil karancagéan anjeunna. Kiwari éta pamedal diganti ngaranna jadi Geger Sunten.

Sabadana ancrub di masarakat, anjeunna ilubiung dina organisasi-organisasi saperti Paguyuban Pasundan, LBSS, Dewan Kesenian Jawa Barat, PERSIB, jeung sajabana ti éta. Salian ti jadi kalungguhanana bagerak dina widang pamedalan buku, ogé anjeunna jadi panulis buku, di antarana hasil

karancagéanana nya éta Kun Fayakun (1983), kumpulan carita pondok; *Sajak-sajak Cilauteureun* (1983), *Wasiat Konglomerat* (1995) salaku kumpulan sajak, kaasup novél *Patepung di Bandung* (1995). Buku pangajaran anu ditulis anjeunna nya éta *Ulikan Sastra Sunda* (1983), *Tatabasa Sunda* (1983), *Cupumanik* (1984), *Gapura Basa* (1985), *Piwulang Basa* (1987), *Peperenian* (1989), jeung sajabana ti éta.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salasahiji tarékah atawa cara (prosédur) anu kudu dalakonan kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, anu satemenna bisa ngahontal tujuan dina hiji panalungtikan (Suyatna, 2002: 18). Téhnik dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik nganalisis data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka. Ieu téhnik digunakeun boh nalika ngumpulkeun data nu baris dianalisis boh nalika néangan sumber tur tiori anu dijadikeun “acuan” atawa cecekelan dina ieu panalungtikan.

3.6.2 Téhnik Nganalisis Data

Data anu ditalungtik nya éta novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman. Sabadana data kakumpul, tuluy dianalisis kalawan léngkah-léngkah atawa tahapan téhnik ngolah data sakumaha anu ditétélakeun ieu di handap.

1. Tahap Déskriptif

Nya éta sakabéh data anu geus kakumpul dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik tuluy diayakeun tahap ngadéskripsikeun jeung ngaidéntifikasi. Dina ieu panalungtikan anu mimiti didéskripsikeun nya éta eusi tina novél, anu judulna *Patepung di Bandung* dina wangun sinopsis.

2. Tahap Klasifikasi

Nya éta ngaklasifikasikeun data anu geus didéskripsikeun luyu jeung permasalahan séwang-séwangan. Sabadana novél ditulis sinopsisna,

diklasifikasikeun dumasar unsur caritana (téma jeung fakta carita: plot, sétting, tur tokoh jeung penokohan) anu engkéna baris dianalisis.

3. Tahap Analisis

Nya éta ngayakeun analisis kana data anu geus diklasifikasi numutkeun kelompokna séwang-séwangan dumasar kana tiori anu luyu jeung panalungtikan. Dina ieu hal, novel *Patepung di Bandung* dianalisis unsur prosana nya éta téma jeung fakta carita (plot, latar/setting, tur tokoh jeung penokohan). Dina ieu panalungtikan, analisis leuwih nyoko kana unsur tokoh jeung penokohan anu engkéna jadi dadasar atawa bahan pikeun analisis unsur psikologisna. Anapon unsur-unsur séjénna saperti téma, alur atawa plot ogé sétting dianalisis sabab miboga hubungan tur mangaruhan kana tokoh jeung penokohan.

4. Tahap Interpretasi

Nya éta napsirkeun hasil analisis data pikeun ngahontal papahaman anu luyu jeung tujuan panalungtikan. Tahap interpretasi dina ieu panalungtikan nya éta napsirkeun data nu diébréhkeun dina wangun kartu data nu mangrupa sempalan carita dina novél *Patepung di Bandung* anu némbongkeun indikator-indikator nu baris ditapsirkeunana, nya éta ngeunaan karakter, konsép émosi, jeung psikoanalisis kapribadian Sigmund Freud.

5. Tahap Évaluasi

Nya éta tahap ngecék ulang kana hasil analisis data pikeun ngamutolaah bebeneranana, nepi ka bisa méré hasil anu hadé tur bisa dipertanggungjawabkeun.